**UDK:** 63 (091):001.89.

# DIYXANSHÍLÍQ RAWAJLANWÍNDAĞÍ ILIMPAZLAR ÚLESI BOYÍNSHA TARIYXQA NÁZER

**Toreniyazova Gawhar Elmuratovna**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı
Tel. 913763191 gtoreniyazova85@gmail.com

**https://doi.org/10.5281/zenodo.19244109**

**Annotaciya:** Maqolada Qoraqalpog‘iston qishloq xo‘jaligi sohasi rivojlanishining mustaqillik yillar boshlanishidagi olimlar tomonidan olib borilgan ilmiy-tadqiqot ishlari yangiliklarining ahamiyati bo‘yicha malumotlar tahlili kiritilgan.

**Аннотация:** В статье представлен анализ данных о важности научных исследований и инноваций, проведенных учеными в начале независимости в развитии сельского хозяйства Каракалпакстана.

**Annotation:** The article analyzes data on the importance of scientific research and innovations conducted by scientists at the beginning of independence in the development of agriculture in Karakalpakstan.

**Kalit so‘zlar:** Institut, tarix, rivojlanish, qishloq xo‘aligi, dexqonshilik, o‘simlik, navlari, hosildorlik, agrotexnika, tadbirlar.

**Ключевая слова:** Институт, история, развитье, сельское хозяйство, земледелие, растений, сорты, урожайность, агротехника, мероприятий.

**Keywords:** Institute, history, development, agriculture, farming, plant, varieties, yield, agricultural techniques, activities.

**Kirisiw:** Búgingi kúndegi elimiz rawajlanıwında baslı baǵdar retinde belgilep alınǵan tiykarǵı taraw awıl xojalıǵın turaqlı rawajlandırıw, intensiv texnologiyanı endiriw arqalı óndiris ónimleriniń túri hám sapasın joqarılatıw bolıp tabıladı. Bul baǵdardaǵı jumıslardı orınlaw Qaraqalpaqstan Respublikası jaǵdayında, 1990-jıllardan, ǵárezsizlikke erisiwden baslanǵan tiykarǵı tariyx retindegi biybaha jollar esaplanadı. Usınday rawajlanıwdıń tariyxtaǵı basıp ótken jollarında, awıl xojalıǵın rawajlandırıwda usı taraw menen shuǵıllanatuǵın ilimiy-izertlew institutları hám onda jumıs alıp baratuǵın ilimpazlardıń miynetleri ayırıqsha áhmiyetke iye bolǵan unamlı tásirlerden esaplanadı. Bul baǵdardaǵı jumıslar boyınsha Respublikamızdaǵı búgingi kúnde jemisli jumıs alıp barıp atırǵan Qaraqalpaqstan diyxanshılıq ilimiy-izertlew institutınıń awıl xojalıǵı tarawın rawajlandırıwdaǵı úlesi ayırıqsha ekenligi tarixıy maǵlıwmatlardan belgili [9].

Tarawdıń rawajlanıwındaǵı názerde tutılǵan aymaq agroıqlımına tuwra keletuǵın jańa sortlardı shıǵarıw, agrotexnikalıq usıllardı búgingi innovaciyalıq texnologiyalar tiykarında jańalaw, shet el jańalıqların kiritiw arqalı diyxanshılıqdıń rentabellik dárejesin kóteriwge arnalǵan instituttıń jetiskenlikleri, tariyxtıń altın háripleri menen jazılǵan nátiyjelerinen esaplanadı.

**Material hám usıllar:** Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı tarawınıń rawajlanıwındaǵı ilimiy-izertlew institutları úlesiniń tarixıy áhmiyetin belgilew ushın [8,9], názerde tutılǵan jıllardaǵı tarixıy statistikalıq maǵlıwmatlar [6], usı dáwirlerde shıǵarılǵan alımlardıń maqalaları [6,7], tiykarǵı jetiskenlikler kórsetip ótilgen eske túsiriw, jıynalıs, konferenciya, simfuzım materialları [4,5], tiykarǵı izertlew obekti sıpatında paydalanıldı.

**Izertlewler nátiyjeleri hám talqılaw:** Qaraqalpaqstan Respublikası awıl xojalıq tarawı, basqa walayatlar menen teńdey dárejede ǵárezsizlikke eriskenge deyingi dáwirde mámlekettiń

juwapkershiligindegi taraw retinde háreket etken. Respublikamız gárezsizlikke erisken jıllardan baslap, buǵingi deyingi rawajlanıw hám nátiyjelerge erisiwdiń tiykarǵı jolı bazar ekonomikasına ótip, óńdirilgen ónimleri menen ózin támiyn etiw hám rawajlandırıw retinde belgilengen jol menen júriwdi baslaǵan. Bul dawirlerde payda bolatuǵın mashqalalardı sheshiwdiń tiykarǵı jolları, eginlerdiń taza sortların shıǵarıw, innovaciyalıq zamanagóy texnologiya tiykarındaǵı óndiristi támiyinlew ekenligi menen ajıralıp turǵan.

Bunday keń qamrawlı rawajlanıwdı támiyinleytuǵın taraw sıpatında ilimiy jumıslardı birinshi zárúrlilik retinde en jaydırıw kerek bolıp, tarawdıń tiykarı boyınsha ilimiy-izertlew institutları shólkemlestirilip, bilim hám tájiriybelerge iye bolǵan ilimpazlar qatarı tolıqtırılǵan. Usınday baǵdardaǵı jumıslardı alıp barıw, 1928-jılı shólkemlestirilip, 1958-jılı 1-iyunnan baslap qayta dúzilgen, 1997-jıl 12-mart, 2002-jıl 20-fevral hám 4-marttaǵı arnawlı Párman hám Qararları menen jumıs islew sharayatlarınıń múmkinshilikleri keńeytirilgen Sh.Musaev atındaǵı Qaraqalpaqstan diyqanshılıq ilimiy-izertlew institutı tárepinen jemisli túrde ámelge asırılmaqda [1,2,3].

Ótken qısqa jıllar dawamında instituttıń ilimpaz selekcionerleri tárepinen, Qaraqalpaqstan agroıqlım sharayatınıń ózgesheliklerine sáykes keletuǵın ǵawashanıń 64 sortın jaratıp, hár jılı 20-51 mıń gektarda egilmekte. Búgingi kúnde awıl xojalıǵı ushın turaqlı ósimliklerden esaplanǵan jońıshqanıń 3 sortı, júweri gibridiniń 2 sortı, biydaydıń 1 sortı jaratılıp xojalıqlarda egilip kelinbekte. Ilimpazlar tárepinen jaratılǵan ǵawashanıń Ch-5018, 4-160, Ch-3010, Ch-3104 hám Ch-4104 sortları rayonlastırılıp, Ch-4136 "Doslıq," 4-3126 sortları elimizdiń Xiywa, Gúrlen, Ellikqala, Xojeli hám Shımbay sort sınaq uchastkalarında sınap kórilip, jaqsı kórsetkishlerge iye bolǵan nátiyjeleri menen selekciya iliminiń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyetiniń Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵın rawajlandırıwǵa úlken úlesin qosqanlıǵı dálillenip tur.

Usınday tarixıy jollardı basıp ótken institutta búgingi kúnde jáhán ilimi dárejesindegi nátiyjelerdi jarata bilgen alımlardıń payda bolıwı dawam etpekte. Awıl xojalıq tarawın rawajlandırıwǵa qosıp atırǵan úleslerinen tısqarı, tarawdıń ilimiy-izertlewlerindegi teoriyalıq hám ámeliy jańalıqları arqalı, keleshektiń bul taraw boyınsha jánede alǵa ilgerlewine imkaniyat jolları jaratıp berilgenligi menen áhmiyetli bolǵan maǵlıwmatlar tariyx betlerine jazılmaqta.

**Juwmaq hám usınıs:** Kórsetilgen tariyx jılnamaları jollarınıń qısqa jıllardı óz ishine alıwına qaramastan awıl xojalıǵında payda bolatuǵın mashqalalardı saplastırıw, ilimiy jańalıqlardı óndiriske óz waqtında engizip barıw, birinshi náwbette usı tarawdıń ekonomikasın rawajlandırıwdıń tiykarı ekenligin dálilleydi. Qaraqalpaqstan diyxanshıldıq ilimiy-izertlew institutında shıǵarılǵan barlıq awıl xojalıq eginleriniń taza sortları, endirilip atırǵan innovaciyalıq zamanagóy texnologiyalar, ilimdegi teoriyalıq hám ámeliy jańalıqlardan tısqarı, usı tarawdıń ekonomikasın kóteriwge xızmet qılatuǵınlıǵı anıqlandı. Bul boyınsha endirilip atırǵan reformalar birinshi gezekte payda bolıp atırǵan mashqalalardı ilimiy tiykarlawǵa hám sheshimi sıpatında zamanaǵoy innovaciyalıq texnologiyanı endiriwge imkaniyat jaratıp beriwi menen áwmiyetli ekenligi esapqa alındı. Sonlıqtan-da, búgingi awıl xojalıq tarawında payda bolıp atırǵan mashqalalardı sheshiw ushın, tariyx jılnamalarındaǵı ilimiy-izertlewlerden nátiyjeli paydalanǵan halda jumıs júrgiziwdi usınıs etemiz.

## Paydalanılǵan material hám ádebiyatlar

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2002-жылы 20-февралдағы "Илимий жумысларды шөлкемлестириўди жетилистириў ҳаққында"ғы Пәрманы.

**2.** Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1997-жыл 12-март, 136-санлы "Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанында Өзбекстан Аўыл хожалығы илимий-өндирислик орайын шөлкемлестириў ҳаққында"ғы қарары.

**3.** Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2002-жылы 4-марттағы "Илимий изертлеў жумысларын шөлкемлестириўди жетилистириў илажлары ҳаққында"ғы қарары.

**4.** Камалов К. Ел хызметинде. Еске түсириўлер. – Нукус, 2018.

**5.** Камалов С. Өмирим сабақларынан… (Еске түсириўлерим). – Нукус, 2019.

**6.** Қарақалпақстан жаңа тарийхы (Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем). – Нөкис: Қарақалпақстан, 2003. – 556 б.

**7.** Таджиева Р. Из истории развития рисоводства в Каракалпакской АССР // Вестник ККФ АН УзССР. – Нукус, 1990. - №2. – С. 125-128.

**8.** Шамамбетов Б. Аграрное развитие Республики Каракалпакстан в 1965-1985 гг.: опыт и проблемы. – Нукус, 2015. –б.

**9.** Шамшетов С.Н., Мамбетназаров Б.С. ҳәм басқа Қарақалпақстан Республикасында дийханшылықды раўажландырыўдың илимий тийкарланған системасы /Нөкис «Билими» - 2003.- 228 б.